

Fòm konsantman eklere pou pataj enfòmasyon ki pwoteje sou sante ak abi sibstans

NJ Children's System of Care

Contracted System Administrator — PerformCare®

[Tanpri ekri ak lèt detache.]

Lè ou siyen fòm konsantman sa a, se otorize ou otorize PerformCare, ki se administratè sistèm anba kontra a (Contracted System Administrator, CSA), pou li divilge dosye sante ki endike sou fòm sa a atravè yon rezo enfòmasyon sekirize li jere bay pwofesyonèl sante ou nonmen ki fè pati rezo CSOC a. Nou pataje enfòmasyon sou swen sante w nan objektif pou fè w jwenn yon tretman ki pi efikas e ki pi kowòdone.

Tout pwofesyonèl ak etablisman ki bay swen sante pou dwòg, alkòl, sante mantal ak sante fizik ki patisipe nan CSOC yo ap kapab pataje (divilge epi resevwa) dosye yo bay pwofesyonèl sante ou nonmen yo. Sa gen ladan l tout kote ki te ba w sèvis. Sa gen ladan l pwogram pou dwòg ak alkòl, pwogram pou sante mantal, sikològ, klinik, lopital, laboratwa klinik, famasi, doktè, konpayi asirans sante, Medicare, Medicaid, elatriye. Lis pwofesyonèl ak etablisman sante a disponib sou sitwèb PerformCare a sou www.performcarenj.org.

Genyen yon seri desizyon w ap gen pou pral lè ou siyen fòm konsantman sa a.

1. Enfòmasyon PerformCare resevwa yo

W ap gen pou fè konnen pou ki pwofesyonèl ak etablisman sante ou otorize pou resevwa enfòmasyon sante pwoteje w yo (protected health information, PHI) atravè sistèm jesyon enfòmasyon (Management Information System, MIS) PerformCare a ak rezo enfòmasyon la.

Mwen menm, _____, mwen otorize
(non manm ki jèn nan ak lèt ki detache) (dat nesans)

[Ekri inisyal ou sou kategori ki aplike a.]

OUBYEN	Tout pwogram pou dwòg, alkòl ak sante mantal kote yo te evalye m ak/oswa kote yo te trete m, ansanm ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante ki fè pati rezo CSOC yo, pou yo divilge/mete disponib dosye sante sou mwen bay MIS PerformCare a ak rezo enfòmasyon la pou PerformCare ka otorize sèvis, epi pou pwofesyonèl sante ak òganizasyon swen jere mwen nonmen nan paj ki vin apre a ka jwenn aksè epi itilize dosye sa yo pou ban mwen tretman.
	Sèlman pwogram pou dwòg, alkòl ak sante mantal ki vin apre yo kote yo te evalye m ak/oswa kote yo te trete m pou yo divilge/mete disponib dosye sante sou mwen bay MIS PerformCare a ak rezo enfòmasyon la pou PerformCare ka otorize sèvis, epi pou pwofesyonèl sante ak òganizasyon swen jere mwen nonmen nan paj ki vin apre a ka jwenn aksè epi itilize dosye sa yo pou ban mwen tretman.
	1. Non etablisman oswa òganizasyon ki bay tretman an:
	2. Non etablisman oswa òganizasyon ki bay tretman an:
	3. Non etablisman oswa òganizasyon ki bay tretman an:

Pou divilge/mete disponib dosye sante elektwonik mwen yo bay PerformCare nan non NJ Children's System of Care atravè rezo enfòmasyon sekirize a.

Lè mwen ekri inisyal mwen anba a, mwen rekonèt:

Fòm konsantman eklere pou pataj enfòmasyon ki pwoteje sou sante ak abi sibstans

PerformCare kapab divilge epi resevwa enfòmasyon ki vin apre yo:

- | | |
|---|---|
| ☐ Non mwen ak lòt enfòmasyon pou idantifye m | ☐ Plan egzeyat nan yon tretman pou alkòl/dwòg ak sèvis sante mantal |
| ☐ Sitiyasyon mwen antanke pasyan k ap resevwa yon tretman pou alkòl ak/oswa dwòg | ☐ Dat egzeyat nan yon tretman pou alkòl/dwòg ak sèvis sante mantal, ak sitiyasyon egzeyat la |
| ☐ Evalyasyon inisyal ak evalyasyon ki fèt pi devan yo sou sèvis mwen bezwen yo | ☐ IEP/Dosye lekòl |
| ☐ Rezime sou rezilta ak istorik evalyasyon ki fèt sou alkòl/dwòg ak sante mantal | ☐ Dyagnostik ak tretman sante fizik |
| ☐ Rezime sou tretman pou alkòl/dwòg ak plan sèvis sante mantal ak pwogrè ki fèt yo | ☐ Evalyasyon byosikososyal (BioPsychoSocial, BPS) |
| ☐ Patisipasyon nan yon tretman pou alkòl/dwòg ak sèvis sante mantal | ☐ Lòt (presize sa li ye): |

2. Enfòmasyon PerformCare divilge yo

Epitou, mwen otorize PerformCare pou l divilge enfòmasyon sa yo (ki endike anwo yo) bay pwofesyonèl sante ki afilye ak CSOC yo pou yo ka jwenn aksè e pou yo ka itilize dosye sa yo pou yo ban mwen tretman:

Òganizasyon swen jere
(Care Management Organization, CMO)

(Inisyal)

(Endike konte a ak non ajans lan)

Etablisman ki bay sèvis detoksifikasyon anba jesyon medikal ak sèvis rezidansyèl akoutèm (tcheke tout sa ki aplike)	Etablisman anbilatwa ak etablisman anbilatwa entansif (tcheke tout sa ki aplike)
☐ New Hope Integrated Behavioral Health Care	☐ Acenda, Inc. ☐ Catholic Charities, Diocese of Metuchen ☐ Center for Family Services ☐ CPC Integrated Health ☐ High Focus Centers ☐ Iron Recovery and Wellness ☐ Maryville, Inc. ☐ Oaks Integrated Care/COPE Center

(Inisyal) Mwen konprann enfòmasyon ki disponib pou pwofesyonèl ak etablisman sante ki nonmen anwo yo gen ladan yo tout enfòmasyon sou sante m ki nan MIS PerformCare a ak nan rezo enfòmasyon la, san wete dosye sou tretman pou dwòg ak alkòl, enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman pou sante mantal, ak enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman pou VIH/SIDA, ansanm ak nenpòt enfòmasyon sou lòt pwoblèm sante mwen te jwenn tretman pou yo.

Fòm konsantman eklere pou pataj enfòmasyon ki pwoteje sou sante ak abi sibstans

Mwen konprann mwen kapab revoke konsantman sa a nenpòt lèt, sof pou aksyon ki fèt deja sou baz konsantman sa a. Epitou, mwen kapab chanje sa mwen chwazi nan konsantman mwen bay la. Pou fè sa, mwen kapab siyen yon nouvo fòm konsantman nenpòt lè.

Otorizasyon sa a ki reprezante konsantman mwen an ekspire nan dat _____ (dat), oswa yon ane apre dat mwen siyen otorizasyon sa a. Fòm konsantman sa a ap rete anvigè jiskaske dat, evènman oswa kondisyon ki endike sou fòm konsantman an rive.

Divilgasyon enfòmasyon ki deja divilge

Pwofesyonèl/Òganizasyon konsantman sa a konsène yo pa gen dwa pou yo divilge enfòmasyon sante pèsonèl ki sou fòm elektwonik (oswa sou fòm papyè) sou ou bay lèt moun, sof selon sa ki otorize nan lwa ak règlemantasyon Eta a ak federal yo. Règ federal yo entèdi pou yo divilge enfòmasyon ou te gentan divilge yo, sof si divilgasyon sa a otorize pa mwayen yon konsantman ekri oswa si divilgasyon sa a otorize anba 42 CFR pati 2.

Mwen konprann yo pa p refize ban mwen sèvis si mwen refize siyen fòm sa a.

Mwen gen dwa pou mwen resevwa yon kopi fòm sa a apre mwen siyen l.

Siyati manm ki jèn nan:

Dat:

Siyati temwen an (si jèn nan gen yon anpèchman fizik ki fè li pa kapab siyen l)

Dat:

Paran/Responsab legal (pou yon manm ki jèn ki poko gen 13 lane): Lè mwen siyen anba a, se otorize mwen otorize pou yo pataje PHI manm ki jèn ki nonmen nan paj 1 an. (Pou divilgasyon enfòmasyon konsènan dyagnostik oswa tretman manm ki jèn nan pou sèten pwoblèm sante mantal, oswa pou tretman pou VIH/SIDA.)

Siyati:

Dat:

Non ak lèt ki detache:

Relasyon ak manm ki jèn nan:

Ka gen sanksyon ki enpoze si yon moun aksè nan enfòmasyon sante elektwonik ou yo yon fason ki pa apwopriye oswa si yon moun mal sèvi ak yo. Si w panse yon moun te resevwa oswa te jwenn aksè nan enfòmasyon sante w yo yon fason ki pa apwopriye, tanpri kontakte PerformCare nan **1-877-652-7624** epi mande pale ak yon reprezantan depatman kalite a.